# Бераллехь

**Бераллехь воле со воьдура лома,
Вуьйлура лекхачу аьрснашна буьххье.
Вала дог дог1ура аьрзонах т1ома,
Геналле хьоьжура т1улга т1е х1утте. } 2р**

**Мелачу мохо со хьоьстура хийла,
Даймехка сурт х1оттош, бай т1е лахлора.
Б1аьрго схьа ма лоццу гена̀ллехь сийна,
Хьалха цкъа-а ца гина меттигаш гора. } 2р**

**Моьттура, цу меттахь духарш ду доца,
Дуьненахь кхин ян яц г1аланаш, ярташ.
Г1ертара 1аламан къайленаш йовза,
Зезагаш лехьадеш дохура барташ. } 2р**

**Тахана воьду со лекхачу лома,
Бералла мелла а д1а яьлла гена.
Ирсечу дахаре хьежарца къома,
Даймехка некъашца ваьлла со лела. } 3р**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)